



# Enfòmasyon pou paran Nouyòk

## KALIFIKASYON PWOSESÈ

*Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan feyè enfòmasyon sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.*

Tout timoun dwe genyen pwofesè ki byen prepare. Pwofesè ki byen prepare konnen sa pou yo anseye ak kouman pou yo anseye li. Yo metrize sijè y ap anseye a. Dapre NCLB, tout distrik eskolè ak “lekòl chatè” dwe asire yo tout pwofesè matyè fondamantal yo **trè kalifye** disi fen ane akademik 2005-2006. Dapre NCLB, matyè fondamantal yo se angle, lekti oubyen kominikasyon, matematik, syans, lang etranje, edikasyon sivik ak gouvènman, ekonomi, travay atistik, istwa, ak jeografi.

### Ki sa trè kalifye vle di

“Trè kalifye” vle di pwofesè pitit ou a dwe genyen yon bakaloreya inivèsitè epi li dwe genyen sètifika Eta Nouyòk la. (Yon ti gwoup pwofesè lekòl “chatè” pa bezwen sètifika eta Nouyòk pou yo kapab “trè kalifye”.) Pwofesè pitit ou yo dwe pase egzamen eta Nouyòk la oubyen yo dwe ranpli kondisyon ki konparab pou nivo ak sijè y ap anseye a. Dapre lwa NCLB a, lekòl ki resevwa lajan federal Title I yo dwe anplwaye nouvo pwofesè ki trè kalifye sèlman.

Tout pwofesè matyè fondamantal yo, menm pwofesè ki genyen esperyans k ap travay nan lekòl pitit ou a kapab patisipe nan pwogram fòmasyon pwofesyonèl pou yo kapab nan nivo estanda NCLB a ki vle pou pwofesè yo trè kalifye. Distrik eskolè yo genyen pou yo fè pwogram devlopman pwofesyonèl pou bay pwofesè yo posiblite pou yo vin pwofesè ki trè kalifye epi ki konpetan disi ane akademik 2005-2006.

### Ou gen dwa pou ou konnen si pwofesè pitit ou a gen tout kalifikasyon yo

Nan kòmansman chak ane eskolè, distrik eskolè yo ak lekòl “chatè” ki resevwa lajan Title I dwe fè paran yo konnen dwa yo. Youn nan dwa sa yo se pou yo konnen kalifikasyon pwofesyonèl tout pwofesè pitit yo. Yo dwe ba yo enfòmasyon tankou:

- èske pwofesè a genyen sètifika eta Nouyòk la pou nivo ak sijè l ap anseye a;
- nan ki domèn pwofesè a genyen bakaloreya li a, ki lòt sètifika ak degre li genyen; epi

- èske timoun lan ap resevwa sèvis nan men parapwofesyonèl, si repons lan se wi ki kalifikasyon yo.

### Lekòl ki resevwa lajan Title I dwe bay paran yo enfòmasyon atan:

- si pitit yo genyen pwofesè pou yon sijè fondamantal epi pwofesè a pa “trè kalifye”, oubyen
- pitit yo gen kat semèn afilè oubyen plis depi se yon pwofesè ki pa “trè kalifye” k ap anseye yo yon sijè akademik fondamantal

### Kalifikasyon parapwofesyonèl

Tout parapwofesyonèl y ap **anplwaye kounye a** pou yo bay sipò akademik nan pwogram Title I dwe genyen diplòm ayskoul yo oubyen GED. Yo dwe genyen omwen dezan nan kolèj oubyen yon diplòm kolèj pou yon pwogram dezan, oubyen yo dwe pase yon tès distrik eskolè a ap ba yo. Parapwofesyonèl yo te anplwaye an janvyè 2002, oubyen avan sa, nan pwogram Title I dwe rive nan nivo nouvo estanda yo disi ane akademik 2005-2006. Distrik eskolè yo ak lekòl “chatè” yo kapab ede parapwofesyonèl yo pou yo rive nan nivo estanda yo si yo òganize pwogram fòmasyon nan travay la oubyen si yo voye yo lekòl.

Parapwofesyonèl k ap travay kòm tradiktè sèlman, k ap travay ak paran sèlman dwe genyen yon diplòm ayskoul oubyen GED, men yo pa genyen pou yo suiv lòt regleman yo.

### Ou gen dwa pou ou konnen si pwofesè pitit ou a trè kalifye.

- Mande direktè lekòl pitit ou a enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè li yo.
- Mande direktè lekòl la oubyen pwofesè pitit ou a ki aktivite devlopman pwofesyonèl k ap genyen nan lekòl la pou ede pwofesè yo rive nan nivo estanda ki vle pou tout pwofesè yo *trè kalifye*.



Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele “okenn timoun pa rete dèyè” (No Child Left Behind, ann angle). Pati A, Seksyon 1119 nan “No Child Left Behind” lan kouvri kalifikasyon pwofesè ak parapwofesyonèl. Si ou bezwen lòt feyè “...Enfòmasyon”, mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la [nclbnys@mail.nysed.gov](mailto:nclbnys@mail.nysed.gov) oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.